



Elèv lekòl twazyèm sik yo ap amize yo ak eksperimantasyon STEM yo pandan Pwogram Aprantisaj Eta PPSD a nan DelSesto Middle School.

# KONEKSYON

## ESPAS SIPÈ-ENTANDAN AN

20 JIYÈ 2023

Nan Distri Lekòl Piblik Providence lan, Jiyè se yon moman lè anpil moun ap pran vakans yo byen merite, pwofesè yo pran konje pandan vakans ete a, epi administratè yo ap travay anpil pou asire yon tranzisyon san pwoblèm nan nouvo ane lekòl la. An menm tan, toujou genyen pwogram aprantisaj ete ki enteresan anpil k ap dewoule nan kanpis lekòl ki seleksyone yo.

Semèn pase, m te kontan anpil pou vizite pwogram patnè nou yo k ap dewoule nan Bailey Elementary School ak **Mayor Brett Smiley**. Nou te wè elèv Providence yo k ap pwofite de yon gran pwogram ki dirije pa **Inspiring Minds, Sylvan Learning** ak **YMCA**. Semèn k ap vini, m pral vizite pwogram Distri yo ak **Gouvènè Dan McKee** ak **Komisyonè RIDE Angélica Infante-Green**.

M te pwofite de aprantisaj sou bèl eksperimantasyon pratik k ap fèt nan pwogram lekòl twazyèm sik nou yo nan **DelSesto Middle School**. Semèn pase, yo te aprann sou fason montay ris yo fonksyone ak itilizasyon enèji, enèji kinetik, ak enèji mekanik. Nan menm batiman an, lòt elèv yo t ap pwofite de pwogram E-Sports konpetitif la.

Nan **Lima Elementary**, de pwofesè te dirije yon leson ki baze sou liv *Because of Winn-Dixie* ke Kate DiCamillo ekri. Nan istwa a, elèv yo te eksplòre tèm padon, apatenans, ak espwa. Lekòl nou yo rete vivan ak aprantisaj nan sezon ete pou tout klas yo. Nan dat 17 Out, senyò k ap patisipe nan pwogram aprantisaj ete pou lekòl segondè yo pral resevwa diplòm lekòl segondè yo pandan yon seremoni gradyasyon nan **Akademi Karyè ak Teknik nan Providence**! Sèn nan pral genyen yon ansanm drapo lekòl la ak koulè ki reprezante chak lekòl segondè.

Direktè pwogram ete yo ap akeyi paran yo nan lekòl la pou wè pwogram nan an aksyon epi reponn tout kesyon. Direktè yo te deklare ke se te yon bèl moman pou wè paran ki vrèman enplike nan eksperryans aprantisaj timoun nan.

Pandan anpil nan nou ap pase vakans sa a ap pase bèl moman ak fanmi ak zanmi yo, mwen ankouraje w pou pran tan pou fè lekti ak pitit ou yo epi pase tan ap fè lekti pou tèt ou. Nou konnen ke elèv yo pa ka fè travay difisil sa a poukont yo. Elèv yo nan pakou akademik sa a ak swanyan yo bò kote yo. Si ou pran tan pou entegre aktivite aprantisaj ki amizan nan jounen an, elèv yo pral rekòlte avantaj akademik ak avantaj sosyal yo. Objektif la se pou evite pèt aprantisaj pandan ete a epi fè elèv yo retounen prè epi gen angouman pou aprann.



**DR. JAVIER MONTAÑEZ**  
SIPÈ-ENTANDAN

## Narducci Learning Center Construction site



# MIZAJOU DISTRI YO

## KIZIRIAN YO REKONÈT KÒM YON PWOGRAM 5-ETWAL PRE-MATÈNÈL

PPSD, ansanm ak **Gouvènè Dan McKee** ak **Depatman Edikasyon Rhode Island nan (RIDE)**, kontan pou anonse ke pwogram **Prematènèl Harry Kizirian Elementary School (Pre-K)** te resevwa klasman **BrightStars 5 etwal**. Sa se klasman ki pi wo yo genyen. Yo se dezyèm lekòl nan Distri a ki resevwa klas 5 etwal sa a. [BrightStars](#) evalye sant gadri yo, preskolè nan lekòl piblik yo, fwayer gadri famiyal ak pwogram otonòm pou elèv ki nan laj pou lekòl selon plizyè nòm ak kritè kalite. Asosiyasyon Rhode Island pou Edikasyon Jèn Timoun nan se ajans k ap jere BrightStars. Rhode Island AEYC se eta afilye nan [Asosiyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun yo \(NAEYC\)](#).

## ORÈ KLÒCH POU ANE LEKÒL 2023-2024

PPSD te pibliye yon mizajou sou **Orè Klòch yo** ak **Kalandriye Akademik** pou fanmi yo nan fen Jen. Mizajou yo se te yon rezilta vòt Sendika Pwofesè Providence yo (PTU) la pou ratifye yon akò pou ane lekòl 2023-2024 la. Kontra yon lane sa a pwopozè pou mete an plas 30 minit anplis pou ansèyman chak jou, kat jou devlopman pwofesyonèl chak ane nan mwa Out pou pwofesè yo ak 90 minit devlopman pwofesyonèl chak de semèn pandan lè fonksyonman deyò lekòl la. Pou jwenn yon lis ki aktyalize pou orè klòch yo, tanpri [klike isit la](#). Ou ka jwenn [kalandriye akademik la ki aktyalize a isit la](#).

## AMELYORASYON ETABLISMAN YO

Manm pèsònèl ak kontraktyèl PPSD yo ap travay anpil pou asire ke elèv yo jwenn batiman lekòl ak saldeklas ki gen bon ekleraj epi ki akeyan pou nouvo ane lekòl la. Nou pral louvri pòt yo nan **D'Abate Elementary School** ki fèk renove a, **Spaziano Elementary School** ak **Pleasant View Elementary School** nan Narducci Early Learning Center pandan otòn sa a.

Pòt yo pral ofisyèlman louvri tou pou oditoryòm **Hope High School** la aprè dènye touch yo nan renovasyon konplè ki koute \$20 milyon dola. Epi **Classical High School** kontinye renovasyon pa faz li a ak yon branch Matematik ki fèk renove. Mèsi ak ekip operasyon **PPSD** ak ekip **etablisman yo** ak ekip Operasyon **Depatman Edikasyon Rhode Island** tou (RIDE).

Tanpri yon moman pou al gade renovasyon [Narducci a nan videyo a isit la](#).

## SIBVANSYON POU RANFÒSMAN EKITE

**Equity Grants** yo teste nouvo lide ak nouvo inovasyon elèv ak pwofesè yo pou sipòte ansèyman ak aprantisaj ki gen referans, pandan y ap avanse ak konpreyansyon ak apresyasyon kiltirèl, angajman anti-rasis ak konpreyansyon angajman sivik ak demokrasi. Sibvansyon pou Ranfòsman Ekite a pral finanse pwojè ki gen yon bidjè ant \$500 ak \$4900 dola, chak ane.

**Kilès ki ka aplike?** Pwofès/Manm Pèsònèl PPSD a nan non saldeklas la, lekòl la, ak/oswa yon esponsò pou yon pwojè ki dirije pa elèv ka aplike.

**Dat limit aplikasyon an:** Yo aksepte aplikasyon yo sou yon baz kontini. Si ou enterese pouswiv yon pwojè tanpri soumèt [aplikasyon ou an isit la](#).



## EKITE AK APATENANS

### Akademi Ete sou Ekite ant Elèv yo

**Akademik Ete sou Ekite ant Elèv yo**, ki òganize pa Biwo Ekite ak Apatenans lan, se yon enstiti de semèn ki investè nan ranfòse refleksyon kritik elèv yo, lidèchip, defans, konpetans nan lekti ak ekriti. Pwogram nou an fèt pou ekipe jèn lidè yo ak zouti ak konsepsyon ki nesè pou kreye chanjman ki fè enpak nan kominote yo a. Akademi sa a pral fèt nan dat **15 Out 2023** jiska

**25 Out 2023**. Patisipan yo pral rankontre sou kanpis Brown University, nan Main Green, pandan dire Akademi an. Fasilitatè envite ki envite yo gen ladan: [Austin Martin](#), [A.R.I.S.E](#) ak [Non-Violent Schools Rhode Island](#).

### Fòmasyon pou Anbasadè Prensipal Ekip Lidèchip sou Ekite yo

Yon ekip lidèchip sou ekite se yon gwou aktè ki divèsifye: pwofesè, manm pèsònèl, paran, manm kominotè, ak elèv ki travay ansanm pou debale, analize, ak konprann pwoblèm ekite yo, divèsite, enklizyon, ak apatenans ki prezan nan lekòl

oswa nan distri yo a. Ekip lidèchip sou ekite yo fè pledwari sou chanjman epi ede ranfòse kapasite pou lidè lekòl ki santre sou ekite yo, pandan y ap ede devlope plan pou aplike ak soutni chanjman yon fason ki efikas.

Nou toujou ap aksepte aplikasyon entèn yo. N ap chèche de pwofesè nan chak lekòl pou patisipe nan fòmasyon lidèchip ki fèt yon fason inik sa a, ki la pou prepare tout ekip lidèchip sou ekite yo nan lekòl yo pandan ane lekòl 2024-25 lan. Fòmasyon an pral dire tout ane a epi pral baze sou konsèp ki diskite nan *Senk Pratik sou Lidèchip ki Santre sou Ekite yo*. Fòmasyon an pral anime pa youn nan otè yo, **Dr. Mark Gooden**. Akoz dènye mizajou nan kalandriye a, nouvo dat fòmasyon pou ete a se **23 ak 24 Out soti 9am-2pm**, lye TBD. Si ou enterese aplike tanpri asire ke ou pale ak Direktè ou an.

### Pwen Fò Rapò sou Bòn Nouvèl yo

[Rapò Estatistik Depatman OEB sa a](#) bay yon apèsi ki presi sou pèfòmans ak konplisman ke Biwo Ekite ak Apatenans lan reyalize depi lè li te relanse a nan mwa Jiyè 2022. Li gen ladan estatistik kle ak tout etap enpòtan ki reyalize yo ak plan alavni yo. Dokiman sa a sèvi kòm yon konpreyansyon global sou pwogrè depatman an ak èd pou asire transparans ak tout aktè kle yo ak manm kominote PPSD a.

### Pwochen Òf pou Devlopman Pwofesyonèl

Biwo Ekite ak Apatenans la pral bay fasiltasyon pou devlopman pwofesyonèl ak fòmasyon pandan tout ane k ap vini an, ki gen ladan pandan **Semèn Oryantasyon** an. Si ou enterese envite biwo a nan lekòl ou an pou prezante pou fakilte oswa pèsònèl ou an pandan Semèn Oryantasyon an (28-31 Out), [tanpri siyen isit la](#).

## SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- [Vandè lekòl Providence yo gen entansyon rekrute 200+ anplwaye ke ansyen founisè yo te revoke](#)  
*Journal Providence*, 10 Jiyè 2023
- [Lekòl twazyèm sik Providence yo adopte politik pou limite itilizasyon telefòn pòtab nan klas yo](#)  
*WJAR*, 14 Jiyè 2023

# SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèl bagay chak jou. Men kèk egzanp.



## TOTAL BOUSDETID POU ANE 2023

Nou te vle mansyone epi bay yon gwo aplodisman pou **senyò PPSD nou yo** ki te gradye nan mwa Jen epi ki te resevwa bousdetid pou kontinye edikasyon yo. Pi ba a genyen total bousdetid pou chak lekòl segondè nan PPSD. Bousdetid yo akòde yo gen ladan Asistans Federal ak/oswa Asistans Eta a, Sibvansyon Ekstèn, Bousdetid, ak Bousdetid Enstitisyonèl epi yo tout gen swivi. Swivi a gen ladan tout bousdetid yo akòde nan chak enstitisyon edikasyon siperyè yo te aksepte ladan yo a, pa sèlman sila yo prale ladan an. Felisitasyon ak tout moun!

Lekòl Segondè	Lajan Bousdetid yo Resevwa
360	\$3,420,865.00
Alvarez	\$2,939,281.00
Santral	\$5,663,851.00
Classical	\$18,320,000.00
E-Cubed	\$2,645,169.00
Hope	\$2,579,255.00
JSEC	\$704,350.00
Mt. Pleasant	\$4,410,150.00
PCTA	\$2,782,530.00
Total	\$43,465,530.00

## PWOGAM ETE YO

**Pwogram Ete PPSD yo** ap avanse ak tout vitès, epi elèv yo ap aprann ak bèl pwogram ak manm pèsònèl ki devwe! Yon gwo remèsiman pou pwofesè ki te pran tan nan ete yo a pou edike elèv nou yo. Al gade kèk foto nan divès Pwogram Aprantisaj Ete nou yo isit la pou gade kisa elèv nou yo nan PPSD ap travay sou yo pandan dènye semèn sa yo!

## MAKE KALANDRIYE W YO

- **FÈT LAVIKTWA**  
(Pa Gen Pwogram pou Ete)  
Lendi, 14 Out 2023
- **FÈT TRAVAY**  
(Pa Gen Lekòl)  
Lendi 4 Septanm 2023
- **PWOGAM APRANTISAJ ETA A FINI**  
Jedi 17 Out 2023
- **ORYANTASYON POU PWOFESÈ**  
(Pa Gen Lekòl pou Elèv yo)  
Madi 5 Septanm 2023
- **JOUNEN DEVLOPMAN PWOFESYONÈL POU PWOFESÈ**  
Lendi 28 Out - Jedi 31 Out
- **PREMYE JOU LEKÒL**  
Mèkredi 6 Septanm 2023